



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 3.5 MILYON DOLA DISPONIB POU DEVLOPE PWOJÈ MODÈNIZASYON REZO

Sipòte sèvis piblik elektrik minisipal yo ak kowoperativ riral yo nan devlope pwopozisyon ki fè avanse fyabilite nan enfastrikti ak aksè ak enèji pwòp abòdab

Ede antite yo planifye pou 24 milyon dola opòtinite finansman k ap vini pou aplike pwopozisyon pwojè yo

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè pou fè tranzisyon nan 100 % elektrisite zewo emisyon disi 2040

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 3.5 milyon dola nan finansman asistans teknik ki disponib kounye a pou sipòte devlopman pwopozisyon pwojè modènizasyon rezo elektrik atravè Pwogram Modènizasyon Rezo Eta a. Finansman sa a pral sipòte sèvis piblik minisipal elektrik ki enterese yo ak kowoperativ elektrik riral yo nan devlope pwopozisyon ki fè avanse fyabilite nan enfastrikti rezo a ak aksè ak enèji pwòp abòdab. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) pou fè tranzisyon nan elektrisite 100 pousan zewo emisyon disi 2040

"Avèk sipò Administrasyon Biden lan, n ap avanse yon rezo elektrik ki pi rezistan, modènize ak konekte", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral ede Eta a idantifye pi bon apwòch pou pwojè modènizasyon rezo ki asire Nouyòkè yo toujou gen aksè ak enèji abòdab ak fyab."

Anons jodi a reprezante etap pre-devlopman pou ede sèvis piblik minisipal elektrik yo (MUNIs) ak kowoperativ riral yo (COOPs) planifye pou yon pwochen opòtinite finansman 24 milyon dola ki posib gras ak [prim](#) Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Ameriken an pou Eta New York otòn pase a. 24 milyon dola, ki prevwa disponib ete sa a, pral administre pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) sou yon peryòd dezan atravè yon pwosesis demann konpetitif pou chwazi pwojè modènizasyon rezo.

MUNI Eta New York ak COOP nan zòn riral yo ka aplike kounye a [isit la](#) sou baz premye vini, premye sèvi jiska **3:00 p.m.** jiska **1e desanm 2027** pou yon prim

maksimòm asistans teknik yon sèl fwa jiska 200,000 dola pou chak aplikan. Asistans sa a ka itilize pou sipòte analiz teknik ki nesèsè pou evalye pwojè potansyèl yo, bay asistans ekri pou aplikasyon finansman, ak devlopman yon sistèm rapò mezi pou evalye siksè pwojè a.

NYSERDA pral òganize yon webinè enfòmasyon [isit la](#) **12 avril apati 2:00 p.m. jiska 3:00 p.m.** pou moun ki enterese aprann plis sou opòtinite pou finansman asistans teknik la.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "NYSERDA kontan pou l ofri èd teknik sipò pou sèvis piblik minisipal yo ak COOP nan zòn rural yo pou planifye amelyorasyon ak mizajou ki nesèsè pou rezistans enfrastrikti rezo kominote pa yo. Lè nou bay sipò davans sa a, n ap asire pwopozisyon alavni yo soumèt pou konsiderasyon reprezante pwojè ki pral avanse yon tranzisyon jis nan yon rezo elektrik zewo emisyon pandan y ap ogmante aksè ak enèji pwòp pou Nouyòkè yo."

MUNI ak COOP rural ki pa gen bezwen asistans teknik yo ka pwopoze pwojè aplikasyon ki pi piti ki nan kantite lajan maksimòm akseptab ki gen ladann pwojè ki an akò ak domèn entèvansyon ki detaye nan demann lan, ki pral ranfòse kapasite sistèm rezo ak kominote Eta New York yo pou prepare pou risk klima aktyèl ak alavni yo. Aplikan yo pral oblije pwokire dirèkteman nenpòt kontraktè ki nesèsè pou sèvis teknik, ki ka gen ladan jeni, ekonomi, ak sèvis aplikasyon pou sibvansyon. NYSERDA pral revize tout kontraktè k ap travay ak MUNI ak COOP nan zòn rural yo nan kad aktivite sa a pou asire yo satisfè estanda Otorite a ak estanda kontraktè federal yo.

Prezidan Asosyasyon Enèji Piblik (Association for Public Power) New York la, David Leathers, te deklare "Ranfòse enfrastrikti distribisyon lokal nou an enpòtan anpil pou misyon pouvwa piblik nou an pou bay elektrisite san danje, abòdab, ak fyab pou kliyan nou yo, manm yo, ak kominote yo an jeneral. Sèvis piblik NYAPP ak manm koperativ yo apresye opòtinite finansman NYSERDA ofri atravè Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ki pral sipòte envestisman nan sistèm kontinyèl pou amelyore rezistans ak fyabilite sistèm elektrik enèji piblik nou yo atravè Eta New York."

New York se youn nan nèf eta ak senk nasyon tribal ki te resevwa yon total konbine 125 milyon dola kòm setyèm kowòt Sibvansyon pou Rezistans Rezo ak Fòmil Tribal. 3.5 milyon dola ki disponib jodi a se yon pati nan fon korespondans 15% New York ki mande DOE epi ki soti nan Inisyativ Gas a Efè de Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) la. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite [sitwèb](#) NYSERDA a ak [sitwèb](#) Biwo Deplwaman Rezo a.

Finanse grasa Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a epi ke [Biwo Deplwaman Rezo](#) a administre, [Sibvansyon Eta sou Rezistans Rezo a](#) distribiye finansman bay eta yo, teritwa yo ak tribi Endyen yo rekonèt nan nivo federal, ki gen ladan Kòporasyon Rejyonal Natif Natal Alaska yo ak Kòporasyon Vilaj Natif Natal Alaska yo, sou senkan ki baze sou yon fòmil ki gen ladann faktè tankou gwosè popilasyon an, sipèfisi tè, pwobabilite ak gravite evènman deranjan ak depans istorik yon lokalite pou efò rediksyon yo. Y ap bay

priyorite ak pwojè ki jenere pi gwo benefis pou kominote a nan bay enèji pwòp, abòdab ak fyab.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030 ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)